



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE KLEMANS A TWA MOUN

Yo Akòde Rediksyon Pèn sou Yon Baz Regilye pou Moun ki Demontre Remò, Reyabilitasyon ak Angajman Anvè Kominote yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te akòde jodi a klemans pou twa moun ki te demontre prèv reyabilitasyon konsiderab ak yon angajman anvè kominote yo a.

"Nan New York nou kwè nan bay yon dezyèm chans a moun ki merite li epi ki te demontre remò epi ki te rive fè reyabilitasyon ki reyisi," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ak aksyon sa a nou ap di yon lòt fwa ankò ke Empire State valorize jistis ak konpasyon nan sistèm jistis kriminel nou an, sa ki ap bay moun New York sa yo yon opòtinite pou sipòte fanmi yo epi kontribiye nan kominote yo. Mwen remèsye Asosiyasyon Avoka Defans Kriminel Nasyonal la (National Association of Criminal Defense Lawyers) ak òganizasyon FAMM poutèt patenarya yo pou fasilite reprezantasyon benevòl pou aplikan pou klemans yo ak avoka volontè ki dedike yo ki pran dosye sa yo san konpansasyon."

Gouvènè a te anile santans yo totalman pou de moun epi li te redwi santans pou yon moun. Pandan ke yo te nan prizon, twa moun sa yo te rive mete tèt yo disponib pou opòtinite reyabilitatif ak edikatif ke enstitisyon respektif yo te ofri yo.

Anilasyon Pèn Total yo

Freddie Harris, ki gen laj 61 an, te pase 15 an e demi nan prizon pou yon kondanasyon yo te bay li pou ant 17 an a kondanasyon a pèpetuite pou de chèf kizasyon pou Kanbriyolaj nan Dezyèm Degre. Mesye Harris te komèt de kanbriyolaj an 2004 kote pèsòn moun pa't blese. Pandan li te nan prizon, Mesye Harris te patisipe nan Nakotik Anonim (Narcotics Anonymous), li te jwenn diplòm GED li, epi li te pran divès semès kou inivèsite nan Genesee Community College. Li te konplete tou fòmasyon pwofesyonèl entansif epi li te patisipe nan pwogram fòmasyon sou teknoloji yo sou sijè tankou materyèl ak pwogram enfòmasyon. Li pral viv ak frè li epi yo te ofri li yon travay apre liberasyon li.

Juan Serrano, ki gen laj 58 an, te pase 22 an e demi nan prizon pou yon kondanasyon yo te bay li pou ant 35 an a kondanasyon a pèpetuite pou twa chèf kizasyon pou Kanbriyolaj nan Dezyèm Degre ak yon chèf kizasyon pou Vòl nan Dezyèm Degre. Yo

te kondane li an 2000 pou wòl li te jwe nan yon seri kanbriyaj pou ki li te eksprime gwo remò. Mesye Serrano te demontre evidans reyabilitasyon konsiderab. Li pa sèlman te konplete tretman pou abi dwòg, men tou yo te chwazi li kòm yon fasilite prensipal pou oryantasyon pou abi dwòg pou lòt moun ki enkasere yo. Pandan li te nan prizon, Mesye Serrano te jwenn diplòm GED li epi li te konplete klas pwofesyonèl li nan plonbri, travay elektrik, metye mason, chapant ak soudri. Li te travay kòm kowòdonatè lojman, asistan pwogram, sipèvizè envantè, asistan chaplen ak yon dirijan komisè gwoup 'Latinos en Progreso'. Apre liberasyon li, Mesye Serrano pral viv ansanm ak madanm li nan Brooklyn epi travay kòm yon pwofesè etid bibliik.

Rediksyon Santans yo

Teara Fatico, ki gen laj 30 an, te pase plis pase 8 ane e demi nan prizon pou yon kondanasyon 13 an yo te bay li pou Tantativ Kanbriyaj nan Premye Degre. An 2011 Madmwazèl Fatico te fasilite antre mennaj li nan yon apatman pou ke yo ka vòlè moun ki te nan kay la. Pandan krim lan, mennaj Madmwazèl Fatico ak viktim lan te gen altèkasyon fizik ki te lakòz lanmò viktim nan. Madmwazèl Fatico pa't prezan nan apatman an pandan altèkasyon an. Li te kowopere epi li te temwanye kont mennaj li ke yo te kondane pou lanmò. Pandan li te nan prizon, Madmwazèl Fatico te travay pou rive jwenn Diplòm Asosye li epi li te pòte li volontè nan sant swen pou timoun nan prizon an. Yo te akòde a Madmwazèl Fatico yon rediksyon santans li soti 13 an pou vin 11 an, sa ki pral fè li kalifye pou liberasyon an 2021.

Moun ki enterese aplike pou klemans yo ta dwe vizite [sit entènèt klemans](#) Gouvènè Cuomo a. Sit entènèt la se yon resous santral pou moun ki ap chèche jwenn plis enfòmasyon konsènan klemans, kondisyon kalifikasyon yo ak pwosesis aplikasyon an, ki gen ladan fason pou soumèt dokiman aplikasyon yo yon fason elektwonik. Yo ankouraje manm fanmi ak zanmi moun ki ap pije santans prizon yo pou yo ale sou sit entènèt la epi aplike pou klemans nan non manm fanmi oswa zanmi yo a, oswa voye lèt sipò pou moun yo renmen yo ki te aplike pou tèt yo.

Gide pa misyon li, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Eta New York la angaje nan prepare moun yo pou liberasyon ak reyentegrasyon yo nan kominote a an pati atravè yon seri pwogram akademik, pwofesyonèl ak terapetik ke yo te ofri nan etablisman DOCCS yo atravè eta a. Aktyèlman, 21 inivèsite ap fonksyone sou plas nan 30 etablisman, kote yo ap ofri pwogram diplòm asosye, lisans ak metriz nan yon seri domèn etid. An plis, apati pwogram pwofesyonèl ak endistriyèl DOCCS yo, moun yo ka pran fòmasyon, sètifikasyon e menm akreditasyon nan domèn tankou kosmetoloji ak babye, sektè elektrik, plonbri ak chofaj, soudi, teknoloji enfòmasyon enfòmàtik, teknoloji optik, sèvis apèzman, ak Sètifikasyon Kilinè ServSafe (ServSafe Culinary Certification), pami lòt domèn yo. Yo bay moun yo opòtinite reyabilitatif tou apati divès pwogram diferan tankou Puppies Behind Bars, ki se yon òganizasyon san bi likratif ke sektè prive finansè ki ap fòme moun yo te anprizone yo pou yo ka vin moun ki ap pran swen ti chen yo pou elve yo kòm chen pou bay sèvis yo pou veteran ki blese ak premye sekouris yo, ak chen ki ap detekte eksplozif pou fòs lapolis yo; ak

Rehabilitation Through the Arts, ki se yon program atistik kreyatif kote moun yo ka patisipe nan pwogram ki anglobe èv atistik vizyèl, mizik, fim, teyat, dans, redaksyon kreyatif, ak bèl vwa yo.

Depi lè Gouvènè a te rantre an fonksyon, New York te fèmen 15 prizon - plis pase nenpòt lòt gouvènè nan istwa eta a - epi li te redwi kantite moun ki nan prizon nan eta a de plis pase 30%. An reyalye, mezi sa yo te abouti a 17,602 fanm ak gason an mwens ki nan prizon, sa ki fè New York se pi gwo eta ki gen mwens enkaserasyon epi ki pi sekirize nan peyi a. Jiska dat 15 jen 2020, popilasyon total moun ki nan prizon nan etablisman koresyonèl nan eta a te 38,817, sa ki reprezante alafwa yon rediksyon total de plis pase 5,000 moun depi 1ye janvye ane sa a ak pi piti popilasyon total moun ki enkasere nan prizon Eta New York yo depi 1986.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la, Depatman an te mete sou pye mwayen pou bay opòtinite liberasyon antisipe pou moun yo, baze sou revizyon pèsonalize ki ap asire ke chak moun yo konekte ak sèvis ak sipò ke yo bezwen pou yo ka reyisi viv nan kominote yo, tankou lojman ak swen sante. Jiskadat, mezi sa yo te abouti a liberasyon 1,861 moun, ki gen pami yo 791 moun ki te jwenn anilasyon vyolasyon libète kondisyonèl yo ki pa't grav; 1,062 moun ke yo te kondane pou enfraksyon ki pa vyolan, ki pa seksyèl yo epi nan peryòd 90 jou anvan dat liberasyon pi bonè yo; ak 8 fanm ansent oswa ki fin akouche, ke yo te kondane pou enfraksyon ki pa vyolan, ki pa seksyèl yo, epi nan peryòd 180 jou anvan dat liberasyon pi bonè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)